

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Basa nyaéta cicirén hiji bangsa nu bisa ngahijikeun antar daérah. Basa mangrupa salasahiji bagéan tina ilmu-ilmu nu digunakeun salaku alat pikeun komunikasi antar manusa. Basa miboga harti sakarepna, manasuka, dipilih kalawan acak, nepi ka taya patali nu logis antara lambang sora jeung objék nu dilambangkeunana. Nilik kana kahirupan sapopoé di jaman kiwari, basa nu digunakeun nyaéta basa nu dipikaharti ku sabudeureunana. Lantaran kitu, kamekaran basa tuluy diulik boh keur kaperluan sapopoé boh keur élmu pangaweruh.

Manusa dina ngedalkeun eusi pikiran sarta haténa boh kabungah atawa kasedih téh ngaliwatan basa. Sudaryat (2014, kc. 12) nétélakeun yén basa mangrupa salah sahiji pakakas anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Basa anu dipaké ku manusa diébréhkeun ngaliwatan omongan. Omongan atawa kalimah téh mangrupa ébréhan éksprési anu diébréhkeun ku manusa.

Éksprésif nyaéta wangun ucap nu miboga fungsi pikeun ngaékpresikeun, ngungkapkeun atawa ngawarkeun sikep psikologis panyatur (Tarigan, 2015, kc. 43). Wangun omongan éksprésif nyaéta omongan anu dipaké pikeun ngébréhkeun sikep psikologis panyatur kana hiji kaayaan (Sudaryat, 2020, kc. 153). Kalimah éksprésif nyaéta kalimah anu fungsina pikeun cumeluk jeung sora bituna rasa (Sudaryat, 2020, kc. 154).

Nurutkeun Searle (dina Sari, 2012), polah ucap éksprésif nyaéta wangun polah ucap nu dimaksud pikeun ngébréhkeun atawa némbongkeun sikep psikologis kana hiji kaayaan. Ieu polah ucap diébréhkeun sangkan maksud jeung tujuan nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa dihartikeun salaku évaluasi kana éta hal nu aya dina omongan. Aya ogé sababaraha fungsi tuturan ékprésif nu aya dina hiji omongan nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa, nyaéta fungsina pikeun méré salamet, pangnuhun, ngritik, ngeluh, nyalahkeun, muji, nyindir, jeung ménta. Wujud pragmatis éksprésif nyoko kana rupa-rupa ma'na, di antarana, 1) kakagét; 2) kakeuheul; 3) karumasaan; 4) cumeluk; 5) kabungah; 6)

kanyeri; 7) mupuas; 8) tumamprak; 9) ngawilujengkeun; 10) nyarékan; jeung 11) geuleuh. Nurutkeun (Anshori, 2018) polah ucap éksprésif dibutuhkeun pikeun nepikeun hal-hal nu sipatna ngébréhkeun hiji kaayaan jalma atawa nu karandapan ku hiji jalma. Djatmika (dina Rohmah, 2018) nétélakeun yén panyatur kudu ngébréhkeun rasa atawa kondisi émosionalna ka hiji atawa dua urang panyatur, ku kituna polah ucap anu digunakeunna nyaéta polah ucap éksprésif.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan pragmatik sabab polah ucap téh minangka komponen anu aya dina pragmatik. Polah ucap kaasup salasahiji tina opat komponén pragmatik. Polah ucap raket patalina jeung élmu pragmatik, lantaran polah ucap ngulik ngeunaan polah omongan nalika komunikasi basa dumasar situasi jeung kontéks. Ari pragmatik mah ngulik ngeunaan tanda-tanda basa nu aya dina struktur basa dumasar patalina basa jeung kontéks. Ieu hal dirojong ku (Titscher spk., 2009) nu nétélakeun yén pragmatik mangrupa cabang élmu linguistik nu ngabahas ngeunaan struktur basa salaku pakakas komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa, sarta salaku acuan tanda-tanda basa dina hal-hal ékstralingual nu diomongkeun.

Dina prosés komunikasi basa, bisa maké medium vérbal (lisan) jeung nonvérbal (tulisan). Dina medium vérbal (lisan) bisa ditilik tina kahirupan sapopoé nalika gunem catur, biantara, béwara, jst. Dina medium nonvérbal (tulisan) mah aya dina karya sastra, salah sahjina naskah drama. Drama atawa naskah lakon nyoko kana karya tulis nu miboga sipat dramatik, nyaéta sipat laku atawa paripolah (*enachment*) atawa aksi (*action*) nu disajikeun sacara vebal jeung nonverbal (Rohmah, 2018). Dina naskah drama aya polah atawa leuwih akrab disebut dialog, nu diomongkeun ku unggal pamaén drama. Pangarang ogé ilaharna nepikeun pesen ka nu maca minangka amanah dina kontéks unggal carita. Upamana dina karya sastra naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu wibisana. Dina komunikasina, ieu tulisan téh dibarung ku polah omongan nu diébréhkeun ngaliwatan runtuyan kalimah-kalimah ogé narasi. Pangarang ogé biasana nepikeun pesen ka nu maca minangka amanah dina karyana. Ku kituna, pangarang tara sagemblengna ngagambarkeun situasi jeung kontéks dina unggal carita. Pamaca masih aya nu teu bisa ngahartikeun dialog antar tokoh sanajan ku pangarang geus diébréhkeun ngaliwatan *lattar* atawa *setting*. Kitu halna dina

**Siti Salisa Fitriani, 2021**

**POLAH UCAP ÉKSPRÉSIF DINA NASKAH DRAMA “TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA**

*(Ulukan Semantik jeung Pragmatik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana diébréhkeun ngaliwatan polah omongan dina unggal babakna. Nu ngarang ngagambarkeun polah omongan kalayan jéntré. Boh polah omongan anu fungsina pikeun nitah atawa nyaram, boh pikeun ngébréhkeun rasa kakeuheul atawa karumasaan. Ti dinya nu maca apal kana polah ucap atawa omongan nu dilakukeun ku tokoh.

Panalungtikan ngeunaan polah ucap kungsi sababaraha kali dilaksanakeun ku mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda kalayan objék panalungtikan anu béda-béda, diantaranya: “Polah Ucap Diréktif jeung Éksprésif dina Novél Si Kabayan jadi Dukun karya Moh. Ambri” (Tia Septyani, 2018), “Adegan Pragmatis Kalimah Éksprésif dina Téks Paguneman Siswa Kelas VII SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2017/2018” (Febria Pra Fitriyanti, 2018), “Tindak Tutur dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby” (Mardian Chindra R, 2013), “Polah Ucap Basa Sunda dina Naskah Drama Nagri Katumbiri karya Nazarudin Azhar Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (tilikan Pragmatik)” (Yanti, 2017), Tindak Tutur Basa Sunda Tilikan Pragmatik kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib” (Febby Nurriyanti Irwansyah, 2013).

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan polah ucap éksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana miboga tujuan pikeun mikanyaho ogé ngadeskripsikeun polah ucap polah ucap éksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana. Sarta ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabasaan hususna ngeunaan polah ucap éksprésif anu antukna nyingkahan miss-komun. Ku kituna, panalungtikan polah ucap éksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) kumaha wanda polah ucap éksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana?
- 2) ma’na polah ucap éksprésif naon waé nu aya dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana?

Siti Salisa Fitriani, 2021

*POLAH UCAP ÉKSPRÉSIF DINA NASKAH DRAMA “TUKANG ASAHAN” KARYA WAHYU WIBISANA (Ulukan Semantik jeung Pragmatik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun data polah ucap éksprésif, wanda, jeung ma'na polah ucap éksprésif nu aya dina naskah drama “*Tukang Asahan*” karya Wahyu Wibisana.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun.

- 1) wanda polah ucap éksprésif dina naskah drama *Tukang Asahan* karya Wahyu Wibisana; jeung
- 2) ma'na polah ucap éksprésif dina naskah drama “*Tukang Asahan*” karya Wahyu Wibisana.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban panalungtikan dina jihat kabasaan. Bisa dijadikeun référénsi pikeun neuleuman cabang élmu pragmatik hususna polah ucap. Sajaba ti éta, pikeun mikanyaho polah ucap éksprésif nu nyampak dina sabudeureun Polah Ucap Éksprésif dina Naskah Drama “*Tukang Asahan*” Karya Wahyu Wibisana.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti éta, ieu panalungtikan ngabogaan mangpaat praktis, nyaéta:

- 1) Pikeun Guru

Pikeun guru, bisa dijadikeun référénsi alternatif bahan ajar basa Sunda dina materi naskah drama.

- 2) Pikeun Mahasiswa

Minangka référénsi mahasiswa dina ngeuyeuban panalungtikan ngeunaan basa. Ngembangkeun minat dina hal linguis pikeun ngaulik polah ucap, hususna éksprésif.

### 3) Pikeun Panulis

Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panulis salaku calon lulusan Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan masalah jeung tujuan panalungtikan nu patali jeung analisis Polah Ucap Éksprésif dina Naskah Drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana.

Bab II Ulikan tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir eusina ngajéntrékeun tiori- tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngajéntrékeun méthode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajéntrékeun perkara hasil tina panalungtikan katut ka eusi tina hasil analisis Polah Ucap Éksprésif dina Naskah Drama “Tukang Asahan” Karya Wahyu Wibisana.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngajéntrékeun perkara kacindekan jeung saran tina hasil analisis nu geus dilakukeun sarta implikasina.